

Kufa kwaJesu

Mateo 27:33-54 - *Kurovererwa paMuchinjikwa*

33 Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota, (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya). 34 Ipapo vakapa Jesu waini yakasanganiswa nenduru, kuti anwe, asi akati airavira akaramba kuinwa.

35 Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36 Uye vakagara pasi, vakamurinda. 37 Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti: “UYU NDIJESU, MAMBO WAWAJUDHA.”

38 Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39 Vaya vaipfuura napo, vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40 uye vachiti, “Iwe uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu, chizviponesa! Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana waMwari!”

41 Nenzira imwe cheteyo, vaprista vakuru, navadzidzisi vomurayiro navakuru vakamuseka vachiti, 42 “Akaponesa vamwe, asi haagoni kuzviponesa! Ndiye Mambo welsraeri! Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa tigotenda kwaari. 43 Anovimba naMwari ngaachimununura iye zvino kana achimuda, nokuti akati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari.’”

44 Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe chete naye akamutukawo.

Kufa kwaJesu

45 Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. 46 Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Eroi, Eroi, rama sabhakitani?” zvichireva kuti, “Mwari wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?” 47 Vamwe vakanga vamirepo vakati vanzwa izvozvo, vakati, “Ari kudana Eria.”

48 Pakarepo mumwe wavo akamhanya akatora chipanje. Akachizadza newaini yevhiniga ndokuchiisa pachimuti, achibva apa Jesu kuti anwe. 49 Vamwe vakati, “Zvino musiyei ari oga. Regai tione kana Eria achiuya kuzomuponesa.”

50 Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake.

51 Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe akatsemuka. 52 Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kuupenyu. 53 Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu vazhinji.

54 Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo, uye vakati, “Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”

(Verengawo Marko 15:16-41, Ruka 23:26-49, Johani 19:17-30)

Tinomuda nokuti iye akatanga kutida. 1 Johani 4:19



Kutarisisa – Kuroverwa kwaJesu pamuchinjikwa

1. Ko Jesu akafa sei? (*Akapa upenyu hwake pamuchinjikwa.*)
2. Ko Jesu akaroverwa kupi? (*PaGorokota kana Karvari*)
3. Ko Jesu akanyengeterera ani ari pamuchinjikwa? (*Vavengi vake.*)
4. Vaprisita vakuru navakuru vomurairo vakamuseka. Vakataura kunaJesu kuti aitei? (*Zviponese. Buruka pamuchinjikwa tigotenda kwauri.*)
5. Rugwaro rwaiva pamusoro paJesu rwaiti kudini? (*“UYU NDIJESU, MAMBO WAWAJUDHA.”*)
6. Ko nemhaka yei Jesu akafa? (*Akatida norudo rwukuru akafa kuripa mhosva yezvivi zvedu.*)
7. Mukuru wezana aiva mutungamiriri wehondo yechiRoma. Ko akati kudiniko apo akatarira rufu rwaJesu pamuchinjikwa? (*Akati, “Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”*)
8. Ko Jesu akamuka rini kubbva kuvakafa? (*Mushure memazuva matatu.*)
9. Pane zvinhu zvinoshamisa zvakaitika pazuva rafa Jesu pamuchinjikwa; zvidome. (*Chidzitiro chetembere chabvaruka, kukava nokudengenyeka kwenyika, uye vakafa vakamutswa kubva kubwiro*)